



Manje Gratis pou Nouyòkè pandan peryòd Kriz COVID-19 la

Manje pou Pase Pran, Pote Ale

Adilt ak timoun kapab pase pran manje nan plis pase 200 lokal manje kominotè atravè vil la, ou pa bezwen enskri ni prezante okenn pyès idantite.

Chak lokal ofri yon manje nòminal epitou gen chwa manje vejetaryen oswa ki Halal (pou mizilman yo).

Manje ki kachè (pou moun ki Jwif) ak sèvis ogmante pou manje Halal (pou moun ki mizilman) disponib nan sèten lokal.

Pou w jwenn adrès ki pi pre w la ak lè biwo yo louvri, ale sou:
schools.nyc.gov/school-life/food/free-meals

Livrezon Manje ann Ijans

Gen yon sèvis livrezon manje lakay ann ijans ki disponib pou Nouyòkè ki nan bezwen pandan moman kriz COVID-19 la, si:

- Ou menm oswa okenn moun ou konnen pa ka soti al pran manje a pou ou
- Ou pa gen kòb pou w achte manje oswa pou w fè makèt livre w manje

Manje pou moun ki vejetaryen, Juif, mizilman disponib tou si w mande sa.

Pou w anrejistre pou livrezon manje ann ijans:

- **Rele liy Test & Trace Corps la** nan **1-212-COVID19 (1-212-268-4319)**. Peze 5 pou Resous, epi peze 5 ankò pou w kite yon mesaj pou yon Navigatè Resous ka ede w. Yon Navigatè Resous ap rele w bak la epi l ap ede w enskri.
- **Enskri sou entènèt** nan nyc.gov/getfood oswa **rele nan 311** epi di "get food" (jwenn manje).

Ou ka jwenn yon kat jewografik kote ki gen resous manje toupatou nan vil la nan nyc.gov/getfoodmap, w ap jwenn ladan tou gad manje ki distribye atik alimantè ak sit kote pou pase pran manje pote ale.

GetFood NYC
COVID-19 Emergency Food Distribution
Haitian Creole_October 2020

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Test & Trace
Corps